

7 Me 2020

Chè Paran OSS/Responsab sante yo:

Mwen espere ou menm ak fanmi w an sekirite epi anfòm pandan moman difisil sa a. Objektif mwen pou ou pandan m ap ekri lèt sa a se pou ba w yon mizajou sou kijan Biwo Sèvis pou Elèv yo pral kontinye sèvi pitit ou an epi sipòte w pandan moman difisil sila a.

**Ane Lekòl Pwolonje:** Ekip administratif Biwo Sèvis pou Elèv la ap travay aktyèlman sou plan aprantisaj pandan ete yo ki respekte machaswiv eta a ak sante piblik yo. N ap ba w plis enfòmasyon pa twò lontan.

**Preadolesans:** Selon konsèy ministè edikasyon eta a ak federal la, Lekòl Piblik Cambridge yo (Cambridge Public Schools) pral kontinye asosye ak Founisè Entèkansyon Prekòs pou bay sèvis ak sipò tranzisyon preadolesans yo.

**Eksperyans aprantisaj a distans:** Selon nouvo konsèy Ministè Edikasyon Prekòs ak Segondè nan Massachusetts la (Massachusetts Department of Early and Secondary Education), Lekòl Piblik Cambridge yo (Cambridge Public Schools) pra'l konsantre sou fòmasyon kontni estanda enpòtan pou reyisit elèv pou lòt klas oswa kou. Biwo Sèvis Elèv yo pral kontinye konsantre li sou objektif IEP aktyèl la ak estanda aprantisaj antanke prereki.

**Plan Aprantisaj a Distans pou Elèv yo:** Plan aprantisaj chak semèn la bay paran/responsab sante yo yon orè sou kilè ak kijan y ap bay pitit yo ou sèvis. Konsèy Ministè Edikasyon Prekòs ak Segondè Massachusetts a (Massachusetts Department of Early and Secondary Education), deklare IEP a pa bezwen chanje pou elèv yo benefisye sèvis a distans yo. Plan an gen ladan li:

- Sipò ak resous aprantisaj endepandan tankou kontni akademik ak pakè devwa mezon ak opòtinite aprantisaj ki baze sou pwojè yo, ak aranjanman pitit ou a bezwen yo.
- Enstriksyon ak sèvis yo ka bay a distans nan anviwònman gwoup ak ti gwoup konplè oswa endividyèl. Enstriksyon ak sèvis yo ka bay avèk pwogram anliy, nan televizyon oswa telefòn.

**Sèvis IEP:** Selon konsèy Ministè Edikasyon Prekòs ak Segondè Massachusetts (Massachusetts Department of Early and Secondary Education), deklare gen anpil posibilite fòmasyon espesyalize ak sèvis ki asosye yo ka modifiye pou yo vin efikas lè yo voye resous ak sipò bay elèv yo a distans. Metòd pou yo bay FAPE ka bezwen diferan nan moman sa a pandan ijans nasyonal ki san parèy la.

**Reyinyon IEP:** Lekòl Piblik Cambridge yo (Cambridge Public Schools) angaje yo pou bay tout fanmi yo posibilite pou fè reyinyon a Distans (konferans videyo epi/oswa odyo) nenpòt moman sa posib. N ap travay pou nou garanti tout fanmi yo alèz ak opsyon sa a, yo bay yo rapò avan lè si sa nesesè, epi gen zouti nesesè pou patisipe nan telefòn oswa òdinatè. Prezidan ekip pitit ou a pral fè yon suivi ak ou menm, si sa nesesè, pou planifye reyinyon sa a.

**Lòt Resous pou Paran:** N ap kolabore ak ekip nou yo pou devlope fòmasyon otonòm anliy ki pou ede w travay ak timoun ou lakay ou. Si w gen nenpòt sijesyon, tanpri kontakte Lyezon Familyal SEPAC, Zuleka Queen-Postell nan [zqueen-postell@cpsd.us](mailto:zqueen-postell@cpsd.us). W ap jwenn plis enfòmasyon trè byento.

**Pwomosyon:** (Ekstrè Mizajou Plan Aprantisaj a Distans ak Sipò Doktè Salim pou fami yo) Konsèy Eta bay la rekòmande pou yo voye tout elèv yo nan lòt an otòn lan. Nan CPS la, yo pral voye tout elèv JK-8 yo nan lòt klas, sof si yo paran/responsab yo te mande pou fè yo double klas la. Pwomosyon elèv CRLS/HSEP depann sou reyisit kou detrimès pase yo ak kantite pwen elèv la te gen pandan ane lekòl la.

**Seremoni diplòm ak fen ane:** (Ekstrè Mizajou Plan Aprantisaj a Distans ak Sipò Doktè Salim pou fami yo) Yo pral fè tout selebrasyon fen ane yo vityèl, an akò ak machaswiv sante piblik yo. Ekip lekòl la ap travay di sou plan selebrasyon etap enpòtan sa yo. W ap jwenn plis enfòmasyon trè byento.

**MCAS:** Depi 10 avril Komisyone Riley te anile egzamen regilye MCAS sa a pou pase nan lòt klas pou elèv ki nan klas 3-10 yo. Li gen anilasyon MCAS-Alt ladan li.

**Pwogram OSS Onz Mwa:** Elèv ki nan pwogram 11 mwa yo pral toujou kontinye resevwa entriksyon a distans. Responsab dosye pitit ou a pral itilize plan aprantisaj a distans chak semèn yo pou bay enfòmasyon sou kalite enstriksyon ak sèvis yo.

Nou remèsye paske w kontinye kole tèt ak nou pandan moman difisil sa a. Nou ap gade pi devan pou travay avèk Komite Konsèy Edikasyon Espesyal pou Paran an (Special Education Parent Advisory Committee, SEPAC) ak kominote a pou pataje eksperyans aprantisaj ki enteresan ak motivan pou elèv yo pandan n ap planifye pou sezon ete ak otòn lan. Si w gen nenpòt kesyon sou enfòmasyon sa a, tanpri kontakte responsab dosye pitit ou a oswa kontakte nou nan [cps@cpsd.us](mailto:cps@cpsd.us).

Respè,

Alexis Morgan

Asistan Direktè, Biwo Sèvis Elèv yo